# ГӀОБОДИЯВ



Накъшубандиябги Шазалиябги
КӀиябго тӀарикьат тӀокӀкӀинабурав,
ГӀелму гӀакълуялъул тӀогьиве щварав
Сайид-ГӀободияв гӀарабалъ хвечӀищ!

Гьанжеги тӀаде ккана машгьураб цӀаралде. АнцӀабилеб январалъ «Росдал захӀматчи» газеталда бахъун буго «Казимиде» абураб Гьамущиса ХӀусен - Афандица битӀун бачӀараб камилаб марсият. Гьениб Абулмуслимил, ГъазимухӀамадил, Шамилил ва цогидазулги гьайбатал цӀаразда цадахъ кӀудияб адабалда рехсон буго ГӀободиясул цӀар. Дагъистаналдаги гьеб тун къватӀибги гьесул цӀар загьираб буго, амма гьесул гӀумруялъулги, гӀелмияб жигарчилъиялъулги баянал лъалел чагӀи цӀакъго къанагӀат гурони дандчӀваларо. ГӀажаибаб иш гьечӀищха?

КӀудияб адабалда бахъула гьесул цӀар, гьелда цадахъ рехсола къиматал рагӀаби: Сайййид, устар, шайих, диналъул хӀаракатчагӀазул рукъор ран руго гьесул тӀаде ракӀ цӀалел суратал гӀазугӀан хъахӀаб мегежалъул, жанисан гьумер бихьилеб гӀадаб бахьинаб гьумер, цӀодорал беразул хӀайранаб балагьи, гӀадамаз жидеего гьарула гьесул шапагӀат ва баракат. Амма гьесул гӀумруялъул хӀакъалъулъ бицеян гьаридал, цӀакъго мукъсанал баянал гурони кодоре щоларо. ХӀатта гьесул цӀарцин батӀи-батӀиял чагӀаз батӀайиса абула: МухӀаммад, МухӀаммадхӀажияв, ГӀободияв. Халкъалда гьоркьов гьев машгьурав вуго ГӀободияв абураб цӀаралда гъоркь.

ТӀоцебесеб дихъе кодобе щвараб хӀакъикъияб хӀужа букӀана, цӀияб Гъумухъалде ГӀободияс жив васлъун гьавурав тарбия ва лъай кьурав ХӀусенил вас Сиражудинил яс Сайгибатихъе инсул хӀакъикъат цӀехезе щведал, гьелъул ясалъ гъансил тӀиналдаса бахъун бачӀараб бухча.

Бухчинисан бахъун, гьелъ дида бихьана чамго квербацӀалда гьорлъ жемараб хӀебул чӀортоялда гьоркьоб бугеб сугъуралъул гьитӀинаб рукъиги, хъахӀал расазул симисги. Сайгибатица абуна, ватӀан тун къватӀиве унелъул, инсуца гьарун, ГӀободияс тарал гӀаламатал ругин гьелан, жиндирго чухъаялъул рукъиги магжил расалги. Гьединалго гӀаламатал гьесда цогидаб гӀагарлъиялъги гьаранилан.

Хадуб ГӀободиясул балъголъиялда тӀаса дагьабго пардав борхана Сиражудинил «Бустан Аваристан -Аваристаналъул ах» абураб Дагъистаналъул гӀемерал мацӀазде таржума гьабун, чамго нухалъ басмаялда бахъараб тӀехьалъ. Иман-исламалъул бицунаго, Сиражудиница хӀужалъун бихьизабула ГӀободияв устарас гьадин гьабулаанин. ТӀехьалда кьун руго ГӀободияс жинцаго гьарурал дугӀабиги.

Хадуб дагь-дагь ккун кодоре щвезе байбихьана гьес хъварал киналго, къоло анлъго динияб гӀепмуялъул тӀахьазул Дагъистаналда хъварал ва гьенир хутӀаразул анлъгоялъул цӀарал, гьезул магӀна, хӀакъикъат. ХутӀарал къого гьес хъван руго батӀи-батӀиял улкабазда: Турциялда, Шамалда, СагӀудиязул ГӀарабиялъ, Макка шагьаралда. Гьединго гӀадамазда лъалел ратана гьес жинцаго гьаруралги ва гьесде цогидаз гьаруралги къасидатал, туркаби, марсиятал.

Гьел гьесул гӀумруялда хурхарал асаразулъ жубан буго хӀакъикъиябги батӀулобги, цӀакъго кӀудияб кӀвар кьун буго гьесул мугӀжизатазе караматазе, гӀажаибаб нур гӀуцӀун буго гьесул цӀаралдаги, гӀумруялдаги сверухъ. Гьеб щибго гӀажаиблъи гьабизе кколеб иш гуро, гӀелмуялъул балъголъабазде гьорлъеги ваккун, гьелъул тӀогьазде вахарав гӀалимчияс къулчӀизе ккун буго гӀемераб гӀакъуба, къварилъи, гьесул заманаги гьединаб согӀаб ва хъачӀаб букӀиндал.

Пачаясул хIукуматалъул чукъачагIаз чанго нухалъ жанив тIамурав гьев, туснахъалдасаги Сибиралдасаги хвасар гьавула ватIан тун къватIиве ворчIизе кIвеялъ. ХIакъIикъаталда гьесда ватIан тезабула. Гьелъие нугIлъи гьабула ГIободиясул рагIабаз:

Алжанул тIегь гIадаб Хундерил тIалъи,
ТIокIаб бихьиладай, бихьиляродай!

ХIижраялъул тарихалда рекъон нусго сон тIубазе ккола ГIободияв хваралдаса, гьеб букIине ккола 1895 (1313) абилеб сон. Гьавураб сон хIакълъун чIезабизе кIун гьечIо, гьесде гьарурал туркабазулъ абулеб буго МухIамад аварагасул с, т. гI. в, (63 сон) ригьалда хванин гьевилан, гIага-шагарго гьеб букIине ккола 1834 (1250) сон, битIун гъазаваталъул байрахъ мугIрузул халкъалъ борхараб заман.

Хвараб сон мухIканго бихьизабун буго ГIободиявги вукъун гьесул хIакъалъулъ жинца хъвараб къасидат Дагъистаналде битIарав гIалимчи Къарахъа Малла-МухIамадица: (1895 (1313 сон))

Азаралда лъабнусго цинги анцIила лъабго,
Маккаялда накълулъун, вукъана МугIалалда,
Авараг гьавураб ракь гьесие масиблъана,
МугIалаялда вукъун, къадру кIодо гьабуна.

МугIалаял машгьурал гIалимзаби рукъулел, къимат бугел хабзал рукIун руго, гьелъул даража цIикIкIинабуна гьений МухIамад аварагасул с.т.гI.в, чIужу Хадижат юкъун йикIиналъги.

ГIободиясул лъимерлъмги гIолохъанлъиги ва тIолго гIумруги ана диналъулги, динияб гIелмуялъулги, гIалимзабазулги даража кIудияб борхалъиялде бахараб, гьезул къиматги къадруги цIиккараб заманаялъ. Гьеб заманаялъул асаралда гъоркь щвана гьесие тарбияги, гIелмуги, цIарги.

Доб заманаялъ ГIобода росулъ рукIана гьесие камилаб, гъваридаб лъай кьезе махщел бугел гIалимзаби, гьеб гьесие щвейги хIакъаб буго. ТIоцересел дарсал гьесие кьун руго жиндирго инсуца Къебед дибирас. Гьев вукIун вуго гIелмуялъул рахъалъан живги машгьурав, чанго росулъ жинца дибирлъиги гьзбурав, Шамилидаги, ХIажимурадидаги жив лъикI лъалев, гьезул тIадкъаялги тIуразарулев чи.

АнцIила щуго соналъул даражаялде вахиндал, ай 1849 (1266) соналъ ГIободияв гIелму босизе Гъазигъумекиве уна ва гьенив Гьухъалиса МухIамадида цеве чанго соналъ цIалула. Гьенисан гьес сапар бухьун буго Сугъралъе машгьурав гIалимчи, устар ГIабдурахIманхIажиясда аскове. Гьенир гьесда ратула живго гIадал гIелмуялъухъ гIащикълъарал нахъа жидер цIар Дагъистаналда машгьурлъарал мурщидал Генуса ГIабдулахIажи, Могьохъа Атанас, ГьаракIуниса СултIан къади, КIикIуниса МухIаммадхIажи, СалтIаса УзунхIажи.

ГIабдурахIманхIажияс гьесул пагьмуги хIисабалде босун, гьесде цIакъ кIвар кьола, ва жиндаго лъалебщинаб гьесда малъула ва мужадид -дин цIи гьабулев чиян цIар кьун, кIодо гьавула. Гьел кIиялго гIалимзабазул щулияб гьоркьоблъи 1876 соналъ ГIадурахIманхIажияв хвезегIан цIунула. Хвелалде цебе гьес ГIободиясе кьола устар абураб цIарги анлъабго тIаркъат бачине изнуги.

ЦIали лъугIун хадубги, ГIободияс росулъ гIемераб заман баларо, гьев гочуна Инк1к1валит1е ва ХъахIабросулъе, гьениб Инк1к1валит1аса Х1алимат-Эбельги (Г1орат1а зиярат бугей) (ГIабдулахIажиясул яц) ячун, чанго соналъ магIишат гьабула. ХъахIабросулъа гьев гочуна ГIорутIе ва ГIорадерил гIалимзабазда

цадахъ цIалула ва хIалтIула чанго соналъ.

МугIрузул халкъазул Шамилил нухмалъиялда гъоркь гьабураб къеркьей лъугIидал пачаясул идарабазул чукъбуца байбихьула гьелда гъорлъ гIахьаллъарал, гьелъул байрахъулаллъун рукIарал гIалимзаби тIагIинаризе ва гьелдалъун диналъул кьучIги бакъвазабизе. Хасго гьеб иш хIалуцуна 1877 (1294) соналда гьитIинаб шаригIаталдаса хадуб. Гьел гIалимзабазда гъоркьове ккола ГIободиявги.

ТIоцебесеб иргаялда гьев вукIуна устар, тIарикъаталъул машгьурав цевехъан ва гIалимчи, кIиабилеб иргаялда гьев вукIуна машгьурав ГIабдурахIманхIажиясул мурафакъан-диналъул ва гьабулеб жоялъул гьалмагь, лъабабилеб иргаялда магIарулазул къеркьей гьес рикIкIунаан битIараблъун ва жиндирго асаразулъ хасго гьелъул цевехъан Шамил имамасе гьес кьолеб буго цIакъго тIадегIанаб къимат.

Гьединлъидал гьезие ГIободияв вукIана бадиб къараб зазлъун, гьесда щиб гьабилебали лъаларого рукIана гьел. Гьесул халкъалда гьоркьоб бугеб машгьурлъиги, къиматги лъан гьесие зарал гьабизеги кIоларого, гьабичIого тезеги бокьуларого. Чанго нухалъ Хъалаялъув жанив тIамула, сурав босула, цинги хIинкъун къватIиве вичала, ахиралдаги гьесда бичIчIизе гьабула жив улка тун къватIиве ине квалквал гьабизе гьечIилан. Гьеб букIана гIалимзабада батараб, гьезда мустахIикъаблъун ккараб цохIого цо рес. Рагьун, гIатIидго дин гьабизеги гьукъидал, диниял хIаракатчагIазда зулмуги гьабулеб букIиндал, гьелъул хIасилалда динги загIиплъун ине букIиндал, доб заманаялъул машгьурал гIалимзабазги жигар бахьулеб букIана эркенго дин гьабизе биччалел жидер рекIел мурадал тIуразе квалквал гьечIел, къадру бугел исламиял хIукуматазде нух бахъизе. Гьеб букIана мугьажиразул тIоцабесеб карачел. Дагъистан тун къватIире ана нус-нус халкъалъ рикIкIунел гIалимзаби ва къватIисел улкабазда гьез гьабуна дин тIибитIизе гьабиялъеги гьеб цIи гьабиялъе баракатаб хIалтIи ва жигарчилъи.

Гьединаб букIана ГIободияс улка теялъе кIиабилеб гIилла. Амма гьел лъугьа-бахъиназул Дагъистаналъул маданияталъе ва адабияталъе ккараб заралалъул бицун хIал кIвеларо, «ГIалимзабиги тIагIун, Дагъистан бесдал лъидал».

1878 (1295) соналъ ГIободияс жиндирго руччаби ПатIимат, Маймунатгун цадахъ ватIан тола. Маккаялде щвелалдего Тубкъалда гьелги хун, ГIободияв живго хутIула. ГьаракIуниса машгьурав гIалимчи НурмухIамадил МухIамадица бицахъин гьеб заманаялъ гьес рокъобе хъвараб кагътида загьир гьабун бугин жиндирго пашманлъиги, чиякълъиги, язихълъиги.

Маккаялде щведал, гьениб заман бахъилалдего гьесул лъай гIалимзабазда гьоркьоб загьирлъана ва живгоги тIадегIанаб адабалъеги къиматальеги мустахIикълъана:

………

Мужадид тIаде щведал Макка шагьар чIухIана,
Кинабниги жамагIат рохел гьабун къачIана.
СаййидхIосен Муршидас вацлъун къабул гьавуна,
КъутIбул Гъавсас мужадид квер ккун рокъове цIана,
КIиябго ХIарамалда чIезе ихтияр кьуна.
Халкъ иршад гьабиялъул халипалъун гьавуна,
Муршидасул хIалалда хIисаб тун разилъана,
Маккаялъул жамагIат гьесда тIаде гьетIана…..

Маккаялда ГIободияс гIелму гъварид гьабуна, чанго камилаб тIехь хъвана. КигIан ватIаналдаса рикIкIад вугониги гьес хурхен тIезе толеб букIинчIо Дагъистаналъул, хасго магIарулазул гIалимзабазулгун. Гьелъие кьучIал гIиллаби рукIана. ГIободияс жиндие щвараб лъай, щибго барахщичIого, бикьана жинца

жиндир васаллъун лъазе гьарурал гьунар бугел гIолохъабазе ГIободаса ХIусенил вас Сиражудиние, ГIободаса ГIабдулпатахIие, Аргъваниса МухIамадхIажиясе, ЮртгIавухъалдаса Гурил вас МухIамадие. Живго къватIиве лъугьунелъул гьес халапалъун жиндир иш т|убазабулевлъун тана Гъумекиса ХIажиахIмад, гьесда хадусевлъун вихьизавуна Аргъваниса МухIамадхIажи. Гьесул маъмумзабилъун хадур чагIилъун рукIана батIи-батIияб миллаталъул, батIи-батIияб бакIалдаса бихьинал: Хуштадаса ПирмухIамад, Ингишуса Абубакар, Алмахъалдаса ГIамиргIали, АхъташгIавухъалдаса ТIалхIат, Хъумтурхъалаялдаса Идрис, ГIандиса ГIабдуллагь, ГIуриса ГIусмандибир. Маккаялдаса гьес гьезухъе ритIулел рукIун руго малъиял, вагIзаби, насихIатал гьезие хIажатал тIахьал.

Гьелдаго цадахъ ГIободиясул рукъ букIун буго Маккаялде хIеж борхизе рачIарал дагьистаниязул руссунеб бакIлъун. Гьесде гьоболлъухъ щун вуго машгьурав гIалимчи жиндирго ракьцояв Гиничукьа ХIайдарбег ХIажияв.

ГIободиясул гIелмуялъул цо хаслъи буго, тIаса бищараб нухалдаса кьурунгутIи, гьеб хисунгутIи, цоги батIияб жоялде вуссинчIого, гьес жинда цебе лъураб масъала букIана авалияб аслияб диналъул гъваридаб, кьучIдаса бахъараб хIакъикъаталъул цIех-рех гьаби гьелъул балъголъабазда гъорлъе вакки, гьеб цогидал хадусел къарнабаз гьарурал гъатаздаса ва хъалалдаса эркен гьаби, байбихьуда букIараб гIадин, гьеб бацIцIадго гIадамазеги баян гьаби. Гьеб мурад гIумруялде бахъинабиялъул хIасиллъун ккола гьесул къиматал камилал тIахьал: МухIарар, Канзу-дурар, Манасик, Шаварикъул анвар, Набзару ссамад, ФатхIу рахIман. Гьел гIадатиял чагIазул квер гIунтIулел асарал гуро, гьезде гIагарлъизе кканани, къваригIуна лъикIаб гIелму-лъай.

Щибаб гьеб тIехьалъулги буго жиндирго хасаб даражаги, тIадегIанлъиги. ГIободиясул ирсилал ва гIагарлъи росулъ гIумру гьабулел руго. Бицен буго Маккаялда бугеб гьесул гIагарлъиги гIезегIан къадру-къиматалда ругел гIадамал ругилан, гьесул вас Насири ГIободи кIикъоялда анцIабилел соназ Макка шагьаралъул цIикIкIараб жавабияб хъулухъалда вукIанилан.

Ахириял соназ ватIаналде тIад руссунел руго Дагъистаналъул лебалал ва гьунар тIокIал васазул цIаралги, гьезул бечедаб рухIанияб ва рухIияб ирсги. Божи буго ахир-къадги нилъехъе щвелин ГIободиясул гIажаибаб, бечедаб гIумруялъул хIакъикъатги гIелмияб бечелъиги.

МагIарулазул машгьурал гIалимзабазул бицунаго, гьезул гIелмуялъул рахъалъан дирго жагьиллъиги хIисабалде босун, дица жигар бахъула гьезул гIаммаб сурат цебе чIезабизе. Амма божи буго гIелму камилго, гъваридго лъалел гIадамаз гъорлъе раккун нилъее унго-унгояб мухIканаб хIакъикъат баян гьабилин абун.

Сиражудин ХIАЙБУЛЛАЕВ.